

MEDAM nan VIL NY

merite pou yo viv e travay avèk

RESPÈ^E SEKIRITE^{EPI} DIYITE

AGRESYON PA JANM AKSEPTAB.

Anba Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la, youn nan lwa sou dwa moun ki pi fò e ki pi vas nan peyi a, medam ki ap vizite, viv oswa ap travay nan Vil Nouyòk gen dwa pou yo pa sibi diskriminasyon ak agresyon pandan chak jou ke yo ap viv lavi yo. Komisyon sou Dwa Moun VIL NY la se òganizasyon ki responsab pou konba kont diskriminasyon epi mete anplas Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la. Li goumen pou l asire ke yo trete tout medam yo avèk diyite ak respè.

Vil Nouyòk la pa pèmèt diskriminasyon kont ou sou baz rejim pwoteksyon espesyal lalwa akòde, tankou sèks ou oubyen sèks ou santi w genyen an, ras ou, koulè w, reliyion/kwayans ou, oriijn nasyonal ou, andikap ou, oryantasyon seksyèl ou, sityasyon imigrasyon w, oswa lòt rejim pwoteksyon espesyal lalwa a ba w. Si w te sibi diskriminasyon oswa agresyon, fè Komisyon Dwa Moun VIL NY a konnen. Rele 311 epi mande pou "Human Rights" (Dwa Moun) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan (212) 416-0197.

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon medam yo ak lòt kategori anba Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk, [vizite NYC.gov/HumanRights](#).



AGRESYON NAN TRAVAY

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk (New York City Human Rights Law) pwoteje medam yo kont agresyon nan travay yo paske li entèdi anplwayè ak kolèg travay pou yo maltrete oswa trete yon fason ki diferan medam yo poutèt sèks yo, lefètke yo ansent, oswa poutèt y ap pran swen lòt moun. Anplis, medam yo merite aranjman ki rezonab nan travay yo lè yo asent, poutèt yon akouchman ak tout lòt pwoblèm medikal yo k a genyen, yo fason pou asire okenn madam pa dwe chwazi ant travay yo avèk yon gwo sès ki an sante.

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk la entèdi diskriminasyon nan domèn sa yo:

- Bay travay, revoke, epi paslman travay
- Salè, avantaj, ak lòt fòm konpansasyon
- Pwomosyon ak retwogradasyon
- Evalyasyon pèfòmans
- Nenpòt lòt desizyon ki afekte tèm ak kondisyon yon travay

Sitiyasyon pou ede w idantifye agresyon:

Yon sipèviziè ki apwoche yon dam pou li mande l soti plizyè fwa, di l "Medam ki pa fè ti zanmi biwo pa jwenn pwomosyon. K onfòme w."

Yon restoran kliyan abityèlikou toujou ap anmède yon sèvèz, toujou ap pichkannen kuis li ak dèyè l, epi envite l al lakay li avè l. Sèvèz la di manadjè a sa k ap pase, epi mande si li sèvi yon lòt tab pito lè kliyan an retounen, men manadjè a refize.

AGRESYON NAN LARI AK NAN LÒT PLAS PUBLIK

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk entèdi agresyon sou baz sèks nan lari, nan plas publik, ak tout lòt lo kalite publik tankou restoran ak "gym". Medam yo gen dwa pou yo al nan randevou doktè, pou yo manje nan restoran, epi pou yo jwi lòt espas publik san yo pa pè yo pral agrese oubyen maltrete yo poutèt sèks ye.

Establishman publik yo dwe bay aksè egal a byen ak machandiz, kèlkeswa sèks moun yap sevi yo. Men kék egzanp biznis ak anviwònman kote medam yo jwenn pwoteksyon:

- | | | |
|----------------|----------------|------------|
| • Makèt | • Òganizasyon | • Otèl |
| • Bank | Leta ou Ajans | • Sinema |
| • Biwo medikal | • Estidyo Bote | • Restoran |
| oswa dantis | • Lopital | • Lekòl |

Sitiyasyon pou ede w idantifye agresyon:

Yon nèg apwoche yon dam li konnen, epi li di "Hey bél demwazèl (pandan l ap rale ponyèt dam nan avèk fòs), m ap mennen w nan chanm mwen pou w ka konnen sa yon vrè gason ka fè pou ou."

Yon vwazen apwoche yon dam pandan fi a pral travay. Vwazen an pouse dam nan a bò mi a epi li di l "Bél fanm tankou w pa ta dwe ap mache poukont li leswa. Ou pa konnen sa ki ka rive."